



UNESA
Universitas Negeri Surabaya

SEMINAR NASIONAL
paramasastra 5

Kementrian Riset, Teknologi, dan Pendidikan Tinggi
Universitas Negeri Surabaya
Fakultas Bahasa dan Seni

memberikan

SERTIFIKAT

Nomor : 002411/UN38.2/DT/2017

kepada

Dr. Surana, S.S., M.Hum.

sebagai

PEMAKALAH

Seminar Nasional Paramasastra 5 **Bahasa, Sastra dan Pengajarannya dalam Paradigma Kekinian** yang diselenggarakan oleh Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya, 29 Juli 2017

di Auditorium Prof. Dr. Leo Idra Ardiana, M.Pd.

Surabaya, 31 Juli 2017




Mengetahui,
Dekan

Prof. Dr. Bambang Yulianto, M.Pd.

NIP. 196007051987031003

Ketua Panitia,



Dr. Didik Nurhadi, M.Pd., M.A.

NIP. 197604212005011002

METONIMI KANG AWUJUD SAPERANGAN KANGGO SAKABEHE (*PARS PRO TOTO*)

Surana
Universitas Negeri Surabaya
surana@unesa.ac.id

Purwaka

Basa sajrone karya sastra beda karo basa ing saben dinane amarga basa kuwi luwih ngandhut nalai kaendahan. Kaendahan basa kuwi bisa dideleng saka gaya basane. Metonimi yaiku sajenis majas utawa lelawaning basa kang nggunakake jeneng saka samubarang kanggo ngganteni samubarang liyane sing ana sambung rakete. Sesambungan kuwi dideleng saka makna kang cedhak antaraning samubarang kang ngganti karo samubarang kang diganteni.

Ahli ilmu semantik akeh sing wis njlentrehake ngenani metonimi. Saka andharan para ahli kasebut kita bisa ngerti apa kang diarani metonimi lan perangan-perangane. Ing makalah iki bab kang dirembug ngenani salah sawijing perangan metonimi, yaiku *pars pro toto*. *Pars pro toto* tegese saperangan kanggo sakabehe. Lelandhesan milih topik iki amarga sajroning mata kulyah semantik isih sithik kang ngrembug bab saperangan kanggo sakabehe (*pars pro toto*). Mula saka kuwi panulis milih topik iki supaya kita kabeh bisa ngerti apa kang diarani Saperangan kanggo sakabehe (*pars pro toto*).

Makalah iki minangka bab kang anyar sajroning mata kulyah semantik. Mula akeh banget bab-bab kang perlu dirembug. Siji mbaka siji diwedhar kanthi gamblang. Mula ing kene nggunakake cara njlentrehake teges saka Saperangan kanggo sakabehe. Teges kang diandharake banjur diperang kanthi adhedhasar apa. Kanggo nguatake panampene pamaos ngenani Saperangan kanggo sakabehe (*pars pro toto*) uga diwenahi tuladha lan uga dianalisis kanthi cara ilmu semantik. Kanthi lelandhesan ing dhuwur pamaos bisa ngerti apa kang diarani saperangan kanggo sakabehane sajrone metonimi. Uga bisa nambah kawruh tumrap penulis ngenani semantik kang utama saperangan kanggo sakabehan ing sajrone metonimi

Andharan

Saperangan kanggo sakabehe (*pars pro toto*) minangka perangan saka metonimi. Amarga sajroning saperangan kanggo sakabehe (*pars pro toto*) nduweni sesambungan makna yaiku ngganteni lan makili objek kang dimaksud. Sesambungan kasebut padha karo ing kasus metonimi. Mula ing makalah iki bakal diandharake kanthi cetha ngenani saperangan kanggo sakabehe (*pars pro toto*) lan uga sesambungane saperangan kanggo sakabehe (*pars pro toto*) karo metonimi.

1. Metonimi

Metonimi kalebu sesambungane teges. Metonimi kuwi asale saka Yunani tembung “meta” sing artine nuduhake owah-owahan, lan saka tembung “onoma” sing artine jeneng. Mula saka iku metonimi yaiku salah satunggaling lelawananing basa sing nggunakake tembung utawa frase kanggo ngganteni samubarang amarga nduweni sesambungan kang cedhak.

Para ahli sing nduweni pamawas ngenani metonimi kuwi akeh banget. Kabeh pamawas kang diduweni menurut ilmu-ilmu semantik.

Parera (2004:121) ngandharake yen metonimi minangka celukan kanggo sawijine objek utawa tumindak sing nemplek ana ing objek utawa tumindak sing sesambungan. (2004:121) Sesambungan kuwi mau ana sambung rakete karo kemaknaan. Nanging yen Djajasudarma ngandharake Metonimi arupa panganggo jeneng tetenger utawa jeneng samubarang kang disambungake karo pawongan, barang, utawa objek minangka pengganti acuan. Banjur yen Wijana (2011:54) ngandharake yen metonimi kuwi tembung kang tuwuh amarga disebabake saka sambung rakete tembung-tembung kang sinambung

Beda maneh saka andharane Keraf (1992:142). Yen miturut Keraf metonimi kuwi kalebu bageyan saka Sinekdoke. Sinekdoke kaperang dadi 2, yaiku: seperangan kanggo nuduhake sakabehan (*pars pro toto*) lan sakabehan kanggo nuduhake saperangan (*totem pro parte*). Parera uga ngandharake yen metonimi bisa diperang kanthi adhedhasar atribut kang munjeri. Tuladhane yaiku: metonimi kanthi relasi panggonan, relasi wektu, relasi atribut, relasi panemu atawa pangripta lan metonimi adhedhasar tumindak.

Stephen Ullman (2009) ngandharake yen metonimi beda karo metafor.

Metonimi ora awujud sambungane tembung anyar nanging metonimi kuwi tuwuh saka tembung-tembung sing sinambung. Adhedhasar para panemu ing ndhuwur bisa kadudut yen metonimi kuwi nduweni teges tembung sing digunakake kanggo ngganteni samubarang. Bisa uga diarani “makna sing cedhak”. Samubarang Kang dimaksud bisa awujud jeneng, panggonan, piranti, lan objek liya kang diganti. Tembung kang bisa diganti disebabake saka tembung-tembung kang cedhak lan sinambung kanthi cara sajabane basa.

Penganggone metonimi kang sapisan supaya gawe samubarang kang diwakili bisa luwih urip kanthi nuduhake objek sing konkret. Penganggo kaya mangkono bisa ngasilake imajinasi para pamaos sing luwih nyata. Kang kapindho yaiku bisa mbedakake status social mligine kanggo para bangsawan lan pawongan biyasa. (Pradopo, 2010:77-78)

Metonimi kalebu salah sawijine polisemi kang dadi strategi nomer 2 kanggo njembarake makna. Saliyane metonimi ana uga metafora. Kang mbedakake antarane metonimi lan metafora yaiku metonimi didhasarake saka ‘*cedhake makna*’ nanging yen metafora didhasarke saka ‘*kamiripan*’. Metonimi uga sinambung karo proporsi saka kasus polisemi kang teratur, ing njerone ana makna alternatif paralel kang diterapake.

Tuladhane metonimi:

Sumure asat

Ukara ing dhuwur bisa kajlentrehake yen dimaksud saka tembung sumur yaiku banyu. Tembung sumur lan banyu nduweni sesambungan, yaiku sumur tumrape wadhah banyu kang kanggo nampung banyu saka sumbere lan dienggo ngangsu. Banyu kang ana sumur dadi sumber panguripane manungsa. Saka sesambungan banyu lan sumur, salah sawijing bisa diganteni utawa diijolake. Yen disambungake ing jinising metonimi, tuladha kasebut kalebu ing jinis spasial yaiku kang ngganteni apa sing ana ing njerone samubarang kasebut.

2. Jinis-jinise Metonimi

Saka andharane para ahli ing dhuwur, metonimi bisa kaperang dadi 4 jinis,

yaiku:

- a) Metonimi adhedhasar atribut panggonan (spasial) yaiku bisa tuwuh amarga panggonan kang dikenal nganggo ciri atribut kang dominan (menonjol). Saengga penduduk sakiwa tengene bisa ngerti lan weruh panggonan kuwi saka ciri atribut kang wus kondhang kasebut.
- b) Metonimi adhedhasar atribut wektu (temporal) yaiku Tindakan utawa prastawa kang bisa dipindhah marang samubarang sing bakal kedadeyan utawa ngeloni.
- c) Metonimi adhedhasar unsur saperangan-sakabehan kaperang dadi loro, yaiku: saperangan kanggo sakabehe (pars pro toto) lan sakabehe kanggo saperangan (totem pro parte)
- d) Metonimi adhedhasar panemu lan pangripta (logikal) yaiku tuwuh amarga ana tembung-tembung kang gegayutan karo panemu utawa pangripta samubarang. Mula saka iku jeneng panemu utawa pangripta digawe kanggo samubarang kang wis dihasilake minangka pangurmatan.

3. Saperangan-sakabehan

Saperangan-sakabehe minangka jinising metonimi kang kalebu sesambungane teges. Saperangan-sakabehe kuwi diperang dadi 2 (loro), yaiku: saperangan kanggo sakabehe (pars pro toto) lan sakabehe kanggo saperangan (totem pro parte). Miturut Wijana (2011:57) ngandharake yen jenis metonimi iki kaperang maneh dadi 2, yaiku:

- a. Pars pro toto utawa saperangan kanggo sakabehan yaiku saperangan utawa pakulinan kang dominan sing diduweni samubarang kanggo makili utawa ngganteni pawongan-pawongan kanthi sakabehan.
- b. Totem pro parte utawasakabehan kanggo saperangan yaiku sakabehan saka *entitas* amung digunakake kanggo makili saperangan *barang* sing biasane kanthi asosiasi marang dheweke (barang).

Sadurunge ngrembug ngenani saperangan kanggo sakabehe, kudu ngerti apa kang diarani sakabehe kanggo saperangan (totem pro parte) kanggo mbedakake kekarone. Ing sakabehe kanggo saperangan (totem pro parte) kuwi kanggo

ngganteni sakabehe samubarang kang nuduhake saperangan kang sinambung. Tuladhane:

1. *Bapakku nambalna sapedha motor neng bengkel kulon omah.*

Ing ukara kasebut nduweni makna sakabehe kanggo saperangan amarga sing ditambah kuwi ban sapedha motor dudu sepedha motore. Sepedha motor minangka sakabehe sing nduweni prangkat liyane, banjur ban motor kuwi kalebu saperangan.

2. Urip ing donya kudu mergawe

Ukara ing dhuwur kaandharake yen tembung donya kuwi kalebu sakabehe makna. Amarga ing donya kuwi ana saperang-perang makhluke gusti. Kang dimaksud dening ukara ing dhuwur yaiku manungsa. Manungsa minangka makhluke Gusti kang sampurna. Mula manungsa kudu mergawe kanggo nyukupi kabutuhane. Manungsa ing kene kalebu saperangan sing ana ing isinne donya.

Ing ngisor dijlentrehake kanthi gamblang ngenani saperangan kanggo sakabehe (pars pro toto). Andharan kasebut uga diwenahi tuladha-tuladha miturut wujud lan uga dianalisis kanthi cara ilmu semantik. Saka tuladha-tuladha kasebut, mengko bisa dibedakake antaraning saperangan kanggo sakabehe (pars pro toto) lan sakabehe kanggo saperangan (totem pro parte).

Sesambungan metonimi saperangan- sakabehan bisa dibeda-bedakake dadi 3 jinis, yaiku:

- a. Lokasional kuwi kanggo ngganti samubarang liya sing ana ing njerone. Tuladhane: dompet, amplop, cerek, lsp.
- b. Atributif kuwi nganteni bageyan saka sipat utawa sakabehan individu sing diganteni. Tuladhane: si pincang, si mancung, si bisu, lsp.
- c. Anggota kelas kuwi kanggo makili saperangan samubarang kang padha jinise. Samubarang kuwi nduweni anggota kelas kang padha. Tuladhane yaiku pepsodent, rinso, wing, lsp. Rinso kuwi kanggo ngganteni sakabehane merk deterjent.

4. Saperangan kanggo Sakabehe (Pars Pro Toto)

Ing ilmu semantik metonimi minangka ilmu basa kang anyar dirembug. Saben buku-buku semantik isih sithik kang ana materi kasebut. Metonimi kuwi bab kang ngrembuk ngenani sesambungane teges kaya kang diandharake ing dhuwur. Sajroning saperangan-sakabehe bisa kapilah maneh dadi 2 jinis, yaiku: Saperangan kanggo sakabehe (pars pro toto) lan Sakabehan kanggo saperangan (totem pro parte). Kekarone kuwi minangka lelewaning basa kang digunakake kanggo ngganti utawa makili samubarang.

Saperangan kanggo sakabehe kuwi kerep disebut pars pro toto. Ing basa indonesia pars pro toto kalebu jinising majas. Miturut Keraf (1992:142), pars pro toto bageyan saka sinekdoke kang nuduhake saperangan kanggo sakabehe sing nyebutake jeneng saperangan kanggo ngganti jeneng sakabehe. Sinekdoke yaiku basa kiasan kang nyebutake bageyan wigati saka samubarang kanggo samubarang utawa hal liyane (Rachmad Djoko Pradopo:78). Nanging Ade Nurdin dkk, (2002:24) ngandharake yen Sinekdoke yaiku gaya basa Ing ilmu semantik Pars pro toto kalebu sajroning metonimi.

Sesambungan karo Metonimi, saperangan kanggo sakabehed (pars pro toto) nduweni titikan, yaiku:

- 1) Nduweni sesambungan karo kahanan ing sajabane.
- 2) Nduweni sesambungan karo makna figuratif (nyimpang saka teges)
- 3) Sesambungan makna kang asosiatif karo tembung kahanan
- 4) Nduweni makna ektralingual (sajabane basa)

Apa kang dadi saperangan lan apa kang dadi sakabehe kuwi dibedakake saka sesambungane teges. Maksud andharan kasebut yaiku antaraning saperangan lan sakabehan kuwi bisa diukur saka gedhe cilik, amba ciyut, akeh sithik, lsp. Dadi apa kang diperang kuwi wujud siji nanging bisa makili saka sakabehe apa kang diperang kasebut. Saka andharan kasebut makna sajroning saperangan kanggo sakabehe kuwi nyambungake antaraning sing saperangan marang sing sakabehe.

Saperangan kanggo sakabehe (pars pro toto) bisa diperang dadi:

1. Adhedhasar sipat yaiku atributif sajroning:

- a. cacate manungsa
- b. sandhangane kang dinggo lan
- c. perangane awak
- d. Anggota kelas

Kekarone perangan kasebut nuduhake saperangan kanggo sakabehe. Misale ing tuladha Atributif sajroning cacate manungsa: *Anake Pak ujang jebule gundhul*.

Tembung Gundhul nuduhake yen sing gundhul kuwi siraha amarga dicukur gundhul. Tembung gundhul ngganteni saawak anake Pak Ujang. Mula saka kuwi tembung gundhul kuwi saperangan kang makili sakabehe awak anake Pak Ujang.

Perangan kapindho yaiku anggota kelas. Anggota kelas kuwi nyebutake salah sawijining samubarang kang makili samubarang liyane sing sajenis. Tuladhane: pepsodent. Pepsodent ing kene ngganteni sakabehe merk odol. Kamangka merk odol akeh jinisi. Kayata: ritadent, clos up, pepsodyne, lsp. Dadi pepsodent kuwi minangka saperangan banjur merk liyane kuwi minangka sakabehe.

Ana kang pitakon apa saperangan kanggo sakabehe (pars pro toto) kuwi padha karo redudansi? Wangsulane ya jelas ora padha. Yen saperangan kanggo sakabehan (pars pro toto) kuwi minangka sesambungane teges kanggo ngganteni saperangan marang sakabehe. Banjur yen redudansi kuwi kaluwahaning tembung. Tuladhane: *Ayu budheg* karo *Ayu kupinge budheg*. Ing ukara kapisan kuwi kalebu saperangan kanggo sakabehe (pars pro toto) amarga wis cetha banget yen sing budheg kuwi kupinge Ayu senadyan tanpa nyebutake kuping. Dadi ukara kang kapindho kuwi kalebu Redudansi merga kathek nggunakake tembung kuping. Kang dadi redudansi kuwi tembung kuping. Kamangka saka ukara kekarone kuwi nduweni teges kang padha.

Saperangan kanggo sakebehe kuwi Adhedhasar sipate kuwi urip sajroning manungsa lumantar basa kang dienggo saben dinane. basa kang dinggo paawongan kuwi kudu bisa ditampa dening pawongan liyane. Senadyan basa kuwi nggunakake simbol-simbol nanging nduweni teges kang bisa dingerteni pawongan liya. Ing

ngisor iki tuladha-tuladha saperangan kanggo sakabehe (pars pro toto). Saka tuladha kasebut banjur dianalisis kanthi ilmu semantik.

a. Kang awujud cacate manungsa

1. *Anake Pak udhin kuwi pancen budheg tenan. Dijak omong kok tolah-toleh.*

Tembung ing dhuwur yaiku kalebu cacate manungsa. Saka tuladha ing buku-bukune Parera uga Fatimah ana kang ngandharake tuladha kuwi. Njlentrahane yaiku tembung budheg kuwi nuduhake yen sing budheg kuwi kupinge. Nanging ing kasus Pars pro toto tembung budheg nuduhake sakabehe awak saka Pak Amin. Dadi maksud saperangan dening tembung budheg yaiku kuping, ning kang dimaksud saka sakabeh yaiku sakabehe awak Pak Amin.

2. *Firman jebule pincang sajoke kecelakaan ing Pabrik setaun kepungkur!*

Ukara ing dhuwur kuwi diandharake yen sing pincang kuwi sikile Firman. Nanging ing kasus saperangan kanggo sakabehe tembung pincang nduweni makna yen nuduhake saawake Firman. Dadi kang dimaksud saka saperangan kuwi sikile Firman banjur sakabehe kuwi saawake Firman.

3. *Mesakke bocah wuta sing turu ing pinggir dalan kuwi.*

Ukara ing dhuwur kuwi kaandharake yen sing wuta kuwi mripate bocah. Nanging ing kasus saperangan kanggo sakabehe tembung wuta nduweni makna nuduhake ngganteni saawake bocak kasebut. Dadi kang dimaksud saperangan kuwi mripat banjur sakabehe kuwi saawake bocah kasebut.

4. *Anis kuwi bisu awit bayi.*

Ukara ing dhuwur padha karo tuladha-tuladha liyane. Yen sing bisu kuwi lambene Anis. Nanging ing kasus saperangan kanggo sakabehe bisu nduweni makna nuduhake ngganteni saawake Anis. Dadi kang dimaksud saka saperangan kuwi lambe, banjur sakabehe kuwi saawake Anis.

5. *Safiq beleken*

Saka ukara kasebut cetha banget yen sing beleken kuwi mripate Safiq. Nanging

kang disebut kuwi Safiq. Kamangka ing awake Safiq kuwi ana organ-organ liyane. Dadi kang dimaksud saperangan kuwi mripat banjur sakabehe kuwi saawake Safiq.

Tuladha ing ngisor iki data-data ngenani cacate manungsa kang kalebu saperangan kanggo sakabehe lan nduweni kasus padha ing dhuwur.

No	Jinis cacate manungsa	Saperangan	Sakabehe
1.	Nonong	Bathuk	Saawake
2.	Pelat	Ilat	Saawake
3.	Pesek	Irung	Saawake
4.	Kera, plolong, lamur	Mripate	Saawake
5.	Brintik	Rambut	Saawake
6.	Mrongos	Untu	Saawake
7.	Domble	Lambe	Saawake
8.	Kithing	Driji	Saawake
9.	Kempot	Pipi	Saawake
10	Bindheng	Swarane	Saawake

Sakabehe tuladha ing kothak kuwi minangka saperangan kanggo sakabehe (pars pro toto) kang nuduhake saperangane awak kanggo sakabehe awak.

b. Kang awujud sandhangan

1. *Bocah kaca mripatan kae jenenge Roy*

Ukara ing dhuwur nuduhake yen dimaksud dening kaca mripat kuwi bocah kang gawe kaca mripat. Kacamata kuwi nduweni teges samubarang kang awujud kaca kang dienggo pawongan ing mripate. Samubarang kuwi dadi sipat marang pawongan kang ngenggo. Mula saka kuwi kaca mripat dadi tetenger marang pawongan kang nganggo. Bocah kaca mripat kalebu saperangan kanggo

sakabehan amarga nduweni makna kanggo sakabehan. Dadi maknane kaca mripat amung saperangan yaiku dinggo ing mripat. Banjur ing ukara kasebut makili sakabehing awak bocah kang ngenggo kaca mripat kasebut.

2. *Para pasukan kuning padha sarapan sega bungkusane ing nisor wit.*

Pasukan kuning kuwi makili saka sakabehaning para pasukan reresik. sadawaning dalan. Ing kutha-kutha gedhe wiwit isuk akeh para wadon-wadon padha reresik ing pinggir dalan. Para kakung biasane padha nyiram kembang ana uga ang ngramut kembang-kembang ing taman kutha. Sakabehing pawongan kasebut umume nggunakake sandhangan kanthi werna kuning. Mula saka kuwi para reresik dalan kang nganggo klambi kuning dikenal pasukan kuning. Sakabehing kuwi makili saka saperangan yaiku pasukan kuning ang makili marang sakabehan yaiku para pawongan kang reresik ing pinggir dalanan kutha kang nganggo klambi kuning.

3. *Ing kampungku ana laler ijo kang latiyen mbedhil.*

Laler ijo neng ukara dhuwur kuwi nduweni maksud para TNI kang nggawe seragam warna ijo bonthang-blonthang. Dideleng saka apa kang disandhang bisa mujudake tembung jejuluk kanggo para TNI kasebut lan kabeh warga uga ngarani laler ijo. Laler ijo kalebu saperangan kanggo sakabehe (pars pro toto) amarga laler ijo kuwi saperangan kang makili sakabehing angkatan TNI AL, TNI AD, TNI AU. Kamangka seragame para TNI kasebut beda-beda.

4. *Ani kuwi behelan awit minggu kepungkur.*

Ukara ing dhuwur kuwi kaandharake yen sing dibehel kuwi untune Ani dudu saawake Ani. Dadi ukara ing dhuwur kalebu saperangan kanggo sakabehe. Yen untune Ani kalebu saperangan banjur sakabehe kuwi dijlentrehake marang saawake Ani.

c. Perangane awak

a) *Kanggo budhal menyang Bali, saben sirah kudu bayar Rp. 550.000*

Ukara ing nduwur kuwi kaandharake yen dimaksud saka tembung sirah kuwi makili sawake pawongan kasebut. Dadi

b) *Pawongan kang dawa tangane kuwi bakal dikucilna marang kanca-kancane.*

Kang dimaksud saka dawa tangane kuwi ngganteni kelakuane pawongan kang senengane nyolong. Dawa tangan ing kene kalebu saperangan kang makili kelakuane saawake pawongan kasebut.

1. Kang awujud anggota kelas

a) *Aku tuku Aqua neng toko murah*

Tembung Aqua ngganteni sakabehe ombenan kang awujud banyu putih utawa banyu mineral amarga saka aqua karo liyane nduweni sesambungan makna yaiku nduweni wujud kang padha. Kanggo nggampangake pawongan ngenali jinis-jinis saka sakabehe merk kasebut, mula nggango tembung aqua kanggo ngganteni. Dadi aqua kuwi minangka saperangan kang makili saka sakabehe merk liyane. Merk liyane kayata: Club, Fresh, Total, lsp

b) *Bapakku pengin tuku clana Levis*

Tembung levis kuwi ngganteni sakabehe merk clana utawa klambi dhasare saka kain jean. Amarga wong tua ora ngerti modhel, mula sakabehe jinis clana utawa klambi kang dhasare saka jean kuwi dianggep levis. Dadi levis kuwi minangka saperangan, banjur sakabehe kuwi merk-merk liyane saka kain jean, kayata: loggo, shopi martin, cardinal, lsp.

c) *Pepsodentne entek!*

Sing dikarepake dening ukara ing dhuwur yaiku odol. Tembung pepsodent kuwi ngganteni sakabehe merk odol. Nanging wong tua nggangep yen sakabehing odol kuwi arane pepsodent. Mula ukara kasebut kalebu saperangan kanggo sakabehe (pars pro toto). Dadi pepsodent ing kalebu saperangan, banjur sakabehe kuwi merk-merk odol liyane, kayata: ritadent, sesodyne, closup, lsp.

d) *Simbahku pengin dhahar sarimie.*

Sarimie ing kene ngganteni sakabehe merk mie instan. Saka ukara kasebut simbah kuwi pengin dhahar mie instan ning ora ngerti merke lan rasane. Mula

tembung sarimie kuwi kalebu saperangan kanggo sakabehe (pars pro toto). Sarimie minangka saperangan, banjur kang kalebu sakabehe kuwi merk-merk mie instan liyane, kayata: indomie, sedhap, lsp

E. Dudutan

Saka andharan ing dhuwur bisa kadudut yen ta saperangan kanggo sakabehe (pars pro toto) kuwi salah sawijinig majas (gaya basa) kanggo makili utawa ngganteni individu-individu kanthi sakabehe. Saka andharan ing dhuwur mau wis dijlentrehake kanthi gamblang ngenani bab kasebut. saliyane kuwi uga bisa kanggo mbangetake pamikire para pamaos diwenahi tuladha sarta analisis supaya pamaos luwih gampang nampa andharan ngenani saperangan kanggo sakabehe.

Sajrone saperangan kanggo sakabehan kuwi bisa diperang dadi loro, yaiku jinis kang asipat atributif lan kalebu anggota kelas. Atributif kuwi nganteni bageyan saka sipat utawa sakabehan individu sing diganteni. Tuladhane: pincang, mancung, bisu, lsp. Banjur yen anggota klas kuwi saperangan samubarang kang ngganteni sakabehane barang kang nduweni wujud kang padha nanging beda merk. Tuladhane: sanyo, aqua, honda, lsp.

Daftar Pustaka

- Djajasudarma, T. Fatimah. 2012. *Semantik 1 Makna Leksikal dan Gramatikal*. Refika Aditama: Bandung
- Gudai, Darmansyah, 1989. *Semantik beberapa Topik Utama*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Jenderal Pendidikan Tinggi Pengembangan Lembaga Pendidikan Tenaga Kependidikan
- Parera, J.D. *Teori Semantik*. Erlangga: Jakarta
- Pateda, Mansoer. 2001. *Semantik Leksikal (edisi kedua)*. Rineka Cipta: Jakarta
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2010. *Pengkajian Puisi*. Gadjah Mada University Press: Yogyakarta
- Tarigan, Henry Guntur. 1985. *Pengajaran Semantik*. Angkasa: Bandung
- Ullman, Stephen. 2009. *Semantics An Introduction to the Science of Meaning (diadaptasi oleh Sumarsono)*. Pustaka Pelajar: Yogyakarta
- Wijana, I Dewa Putu. 2011. *Semantik: Teori dan Analisisnya*. Yuma Pustaka: Surakarta